

Gid pou

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil New York
pou Kondisyon Otorizasyon

SÈVIS NETWAYAJ ASÈK VIL NEW YORK YO



CLEANERS

I. APÈSI

Gid sa a dekri pèmi prensipal Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Protection, DEP) ak kondisyon pou apwobasyon pou sèvis lavaj asèk ki la deja yo. Li pa dekri tout pwogram ak kondisyon DEP (ki kapab depande sèten operasyon ou yo).

DEP administre règleman konsènan pèkloretilèn (RCNY, Tit 15, Chapit 12) ki, avèk yon ti kantite eksepsyon, idantik avèk règleman "Pati 232" NYSDEC.

Menm jan ak règ NYSDEC, règ DEP egzije ampil kalite mezi selon:

- si lokal lavaj asèk la se yon lokal ki la deja oswa yon nouvo lokal;
- si lokal la se yon lokal endepandan oswa "menm kote ak yon lòt" (gen yon miray komen, etaj komen, oswa plafon komen avèk yon kay oswa yon biznis);
- si li menm kote ak yon lòt, si lokal lavaj asèk la menm kote avèk bilding pou itilizasyon rezidansyèl oswa komèsyal.

Gade règ ki endike anba la a: RCNY, Tit 15, Chapit 12

II. KONDISYON DEPATMAN AN KONSÈNAN KÒD POU LÈ A

A. Kondisyon pou Pèmi Jeneral pou Lè a

Tout lokal lavaj asèk ki itilize perc, nouvo ak sa ki la deja, bezwen yon pèmi travay ak yon sètifikasi operasyon DEP (nòt: lòt operasyon abaz sòlvan tankou DF 2000, GE Silicon SB32, Green Earth, Solvon K4, elatriye, bezwen yon pèmi travay ak yon sètifikasi operasyon tou).

Pou jwenn yon aplikasyon pou yon pèmi travay ak yon sètifikasi operasyon, ale sou sitwèb www.nyc.gov/dep/cats ("Sistèm pou Swiv Lè Pwòp").

Aplikasyon ki endike anwo a bezwen yon Enjenyè Pwofesyonèl (Professional Engineer, "PE") ki gen lisans Eta New York oswa yon Achitèk Diplome (Registered Architect, "RA") ki gen lisans Eta New York pou sètifye (a) aplikasyon an, plan yo ak tout dokiman siplément ou prezante yo konplè epi konfòmè yo nèt avèk tout Iwa, kòd, règ, règleman ak enstrikson Biwo Konfòmè Anviwònman DEP ki anvígè; (b) enfòmasyon teknik sou ekipman yo (ki endike nan aplikasyon an) egzat; (c) li te enspekte ekipman yo; (d) epitou ekipman yo satisfè tout dispozisyon Kòd Administratif Vil New York, Tit 24, Chapit 1.

Nòt: TOu dwe renouve sètifikasi operasyon an chak 3 zan. Ou kapab jwenn aplikasyon pou renouvezman an sou sitwèb www.nyc.gov/dep/cats.

Gade règ ki endike anba la a: Kòd Administratif Vil New York, Tit 24, Chapit 1.

B. Chodyè yo

Chodyè ki gen yon rannman gradye ki egal a oswa ki pi gran pase 350,000 men mwens pase 4.2 milyon BTU pa èdtan bezwen anrejistreman nan DEP.

Chodyè ki gen yon rannman gradye ki egal oswa ki pi gran pase 4.2 milyon BTU/èdtan bezwen yon pèmi travay ak yon sètifikasi operasyon. (Apati mwa Me 2016)

Pou jwenn yon aplikasyon pou yon anrejistreman chodyè oswa pèmi travay ak sètifikasi operasyon, ale sou sitwèb Sistèm pou Swiv Lè Pwòp (Clean Air Tracking Sys-tem, "CATS") DEP nan www.nyc.gov/dep/cats.

Ou dwe soumèt renouvezman yo (obligatwa chak 3 zan) pou anrejistreman chodyè ak sètifikasi operasyon yo avèk sistèm "CATS".

Nòt: Ou dwe gen yon adres imèl ki valab pou kreye yon kont CATS. Pou kesyon ki gen pou wè ak CATS, tanpri imèl Catsfeedback@dep.nyc.gov oswa rele nimewo 718-595-3855. Pou lòt kesyon yo, tanpri imèl AirPermit@dep.nyc.gov oswa rele nimewo 718-595-3855.

Gade règ ki endike anba la a: Kòd Administratif Vil New York, Tit 24, Chapit 1 ak RCNY, Tit 15, Chapit 2 ak 9.

C. Afichaj Avi pou Sèvis Lavaj Asèk ki itilize Perc ak sa ki pa itilize Perc

Lokal sèvis lavaj asèk yo dwe afiche yon ansèy ki endike sibstans chimik prensipal yo itilize nan lokal lavaj asèk yo. Ansèy la dwe fasil pou li pou kliyan yo, epitou li dwe detaye kijan pou wè "Fèy Done sou Sekirite" (ki rele "Fèy Done sou Sekirite Materyèl" tou) pou sibstans chimik prensipal la sou sitwèb DEP. Sèvis lavaj asèk ki itilize perc ak sa ki pa itilize perc, gen obligasyon pou afiche ansèy yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou règ sa a epitou pou telechaje ansèy ki obligatwa yo, tanpri ale sou sitwèb: www.nyc.gov/dep/drycleanermsds. Ou kapab rele nimewo 718-595-4436 tou pou jwenn kopi ansèy ki obligatwa yo.

D. Règ Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini Konsènan Sèvis Lavaj Asèk ki Itilize Perc nan Bilding Rezidansyèl yo

Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) Etazini te revize sèten kondisyon pou sèvis lavaj asèk ki itilize perc nan dat 13 jiyè 2006. Anpil nan kondisyon sa yo depase règleman yo mete anplas anba règleman Pati 232 NYSDEC. Règ EPA te gen ladan dispozisyon ki endike anba la yo konsènan operasyon lavaj asèk avèk perc nan bilding rezidansyèl yo.

- Machin lavaj asèk yo enstale nan bilding rezidansyèl yo apre 27 jiyè 2006 pa ka itilize perc
- Machin lavaj asèk yo enstale nan bilding rezidansyèl yo ant 21 desanm 2005 (dat règ yo pwopoze a) ak 13 jiyè 2006 (lè yo te pibliye règ final la) dwe te sispann itilizasyon perc anvan 27 jiyè 2009
- Machin lavaj asèk ki itilize perc yo enstale nan bilding rezidansyèl yo anvan 21 desanm 2005 dwe sispann operasyon yo anvan 21 desanm 2020.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.nyc.gov/dep/perc.

III. KONDISYON "DWA POU KONNEN" DEP

Anba Lwa "Dwa pou Kominote Konnen", sèvis lavaj asèk yo dwe depoze yon Fòm Envantè Lokal yo chak ane nan DEP pou nenpòt sibstans yo konsève oswa manipile ki egal a oswa ki depase "limit pou rapòte kantite" sou lis Sibstans Danjere DEP sou sitwèb www.nyc.gov/dep/rtkhazlist.

Pa egzanp, perc endike sou lis la kòm "pèkloretilèn" (ki rele "tetra-klowoyetilèn" tou) sou lis Sibstans Danjere DEP. Sèvis lavaj asèk ki konsève oswa manipile perc oswa lòt sibstans yo dwe rapòte dwe:

1. Depoze "Fòm Envantè Lokal" (Facility Inventory Form, "FIF") anvan 1ye mas chak ane (gade anba lyen "Nivo 2" pou jwenn FIF).
2. Tache yon Fèy Done sou Sekirite (ki rele "Fèy Done sou Sekirite Materyèl" tou) pou jwenn tout sibstans ou dwe rapòte yo.

3. Depoze yon FIF modifie si kantite nenpòt sibstans ou gen obligasyon pou rapòte ogmante nan gwo sè a 25% oswa plis, oswa si ou konsève oswa manipile yon nouvo sibstans ou dwe rapòte ki pa t endike nan soumisyon FIF anvan an. Nòt: gen kopi (1), (2) ak (3) anvo a ki disponib pou ekip repons annijans ak/oswa ekip Dwa pou Konnen ki ka vini nan lokal ou.
4. Mete etikèt sou chak resipyen sibstans ou dwe rapòte, mete endikasyon sou yo oswa make yo avèk nimewo "Sèvis Pwodui Chimik (Chemical Abstract Service, CAS). Pa egzanp, CAS # perc (ki rele "pèklowoyetilèn" tou oswa "tetra-klowoyetilèn") se 127184. Etikèt yo, endikasyon yo oswa mak yo dwe fasil pou li, lan lang Anglè epitou ou dwe afiche yo aklè.

Nòt: Pou jwenn plis enfòmasyon sou Kondisyon Dwa pou Konnen, tanpri rele divizyon Dwa pou Konnen DEP nan nimewo 718-595-4659, oswa ale sou sitwèb DEP nan www.nyc.gov/dep/tier2filling (pou bay enfòmasyon sou entènèt, gid aplikasyon, règleman ak kopi fòm y, lis sibstans danjere DEP, nimewo CAS yo).

IV. KONDISYON POU REPOS ANNIJANS ("LWA KONSÈNAN DEVÈSMAN")

1. Si ou konnen yon dechaj oswa devèsman yon "sibstans danjere" (jan sa defini nan règleman anba la a) ou dwe rele 311 imedyatman pou bay enfòmasyon detaye sou dechaj la. Pa egzanp, ou dwe rapòte yon devèsman 1 liv oswa plis perc (ki rele "pèklowoyetilèn" oswa "tetra-klowoyetilèn" tou nan 311).
2. Ou dwe voye yon avi alekri ba DEP konsènan dechaj, nan kourye sètifye, nan yon semèn apre dechaj la nan adrès:

DERTA
New York City Department of Environmental Protection
59-17 Junction Blvd. (1ST Floor Low Rise)
Flushing, NY 11373-5108

Pou jwenn plis enfòmasyon, ansanm ak sibstans ou dwe rapòte sizoka gen yon devèsman, kantite ou dwe rapòte yo, ak kondisyon pou bay avi alekri (gade Seksyon 320), tanpri ale sou sitwèb www.nyc.gov/dep/spillbill pou revize Lwa konsènan Devèsman an.

Nòt: Anplis nenpòt avi ki obligatwa anba seksyon sa a, ou ta dwe fè Lapolis konnen ljans lan nan 911 sizoka gen yon gwo ensidan ki konsène yon sibstans danjere ki prezante yon danje pou publik la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon pou rapòte devèsman annijans ak règleman yo, rele nimewo 718-595-4784.

Gade règ ki endike anba la a: Kòd Administratif Vil New York, Tit 24, Chapit 6 ak RCNY, Tit 15, Chapit 11

V. APARÈY PREVANSYON REFOULMAN DLO

Mèt pwopriyete ki gen ekipman lavaj asèk (oswa anpil kalite lòt ekipman tankou chodyè) gen obligasyon pou enstale yon aparey prevansyon refoulman dlo (backflow prevention device, BPD) apwouye sou tout liy sèvis dlo ki bay dlo pou pwopriyete yo.

Yon Enjenyè Pfowesyonèl (Professional Engineer, PE) ki gen lisans Eta New York oswa yon Achitèk Diplome (Registered Architect, RA) ki gen lisans Eta New York dwe prezante plan yo ba DEP pou enstalasyon BPD orijinal la, epitou yon Mèt-Plonbye ki Gen Lisans (Licensed Master Plumber, LMP) Eta New York dwe enstale BPD (LMP dwe depoze yon "Aplikasyon Modifikasyon Limite" nan Depatman Konstwiksyon Eta New York). Answit, rapò premye tès pou BPD dwe gen siyati ak so yon PE (oswa RA) ak yon LMP, epitou li dwe gen siyati Testè BPD Sètifye Eta New York ki te teste aparèy la.

Yon Testè Sètifye Eta New York dwe prezante tès anyèl yo pou BPD ba DEP. Pou jwenn plis enfòmasyon (ak fòm ki obligatwa yo), rele nimewo 718-595-5463 oswa ale sou sitwèb www.nyc.gov/dep/backflow.

Gade règ ki endike anba la a: RCNY, Tit 15, Chapit 20, Seksyon 20-04.

VI. DECHAJ DLO IZE AK LÒT MATERYÈL NAN EGOU PIBLIK YO

RCNY Tit 15, Chapit 19, Seksyon 19-03(a)(15) entèdi dechaj nenpòt rezidi distilasyon, depo, rezidi, filtè oswa materyèl filtè ant pwoesis lavaj asèk la oswa yo itilize ladan pou ale nan egou piblik yo, kanalizasyon yo, tiyo yo, elatriye (pa egzanp, fib koton, tè, pousyè, filtè).

DEP adopte yon règleman ki konsène dechaj ki gen pou wè ak perc nan egou piblik yo. Règ sa a montre deprè seksyon "Pati 232" NYSDEC ki konsène dechaj dlo ize yo. Règ DEP entèdi tou dechaj dlo ize oswa dechè ki kontamine avèk perc nan nenpòt egou epi ki gen obligasyon pou operasyon ak antretyen inite tretman dlo ize ak konsèvasyon dosye ki obligatwa.

Pa egzanp (tankou anba seksyon 232.9 NYSDEC), règ DEP egziste pou yon separatè dlo ak yon doub filtrasyon kabòn trete dlo ize ki kontamine avèk perc (oswa teknoloji kontwòl ekivalan NYSDEC apwouye) ki te la pou asire yon dechaj ki mwens pase oswa egal a 20 pati pou chak milya perc (san evaporasyon).

Pou jwenn yon kopi RCNY Tit 15, Chapit 19, tanpri ale sou sitwèb <http://rules.cityofnewyork.us>. Pou kesyon sou règleman dlo ize DEP, ou kapab rele nimewo 718-595-4730 tou.

Gade règ ki endike anba la a: RCNY, Tit 15, Chapit 19 (an patikilye gade seksyon 19-01, 19-03 ak 19-12).



Gid sa a itilize abrevyasyon sa yo:

- **RCNY** = Règ pou Vil New York (<http://rules.cityofnewyork.us/>)
 - **NYC Admin. Code** = Kòd Administratif Vil New York (http://www.amlegal.com/codes/client/new-york-city_ny/)
 - **NYSDEC** = Depatman Pwoteksyon Anviwònman Eta New York (<http://www.dec.ny.gov>)
 - **PART 232** = Règ ak Règleman Kòd Eta New York, Tit 6 Chapit III, Pati 232, “Lokal Lavaj Asèk ki Itilize Pèklowoyetilèn” sètadi Règleman Lavaj Asèk NYSDEC (<http://www.dec.ny.gov/chemical/38088.html>)
 - **Perc** = Pèklowoyetilèn; Tetra-klowoyetilèn
-

